**दिन– शनिवार** **दिनांक–18.01.2025**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

वक्फ संशोधन अधिनियम कऽ लऽकऽ विभिन्न हित धारक सभ सँ विमर्शक लेल गठित संयुक्त संसदीय समिति जेपीसी पटना मे वक्फ बोर्ड सभ के प्रतिनिधी एवं अन्य हित धारक सभ के संग विचार–विमर्श शुरू कऽ देलक अछि। समितिक अध्यक्ष जगदम्बिका पाल पत्रकार सभ सँ बातचित मे बतयलनि जे समिति वक्फ संपति सभ के हुनक प्रबंधन आ विभिन्न आन मुदा सभक बारे मे हित धारक सभ सें चर्चा करत। ओ जनौलनि जे व्यापक विचार–विमर्शक लेल समिति अल्प संख्यक अयोगक प्रतिनिधी, बार कांउसिल आओर वकील सभ सँ भेटघाट करत। श्री पाल बतलनि जे समिति संसदक आगामी बजट सत्र मे अपन रिपोर्ट प्रस्तुत करत।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि भोर एगारह बजे आकाशवाणी पर **मन की बात** कार्यक्रम मे देश–विदेशक लोक सभक संग अपन विचार साझा करताह। ई एहि मासिक रेडियो कार्यक्रमक एक सय अठारहम कडी हएत। ई कार्यक्रम आकाशवाणी आ दूरदर्शनक सभ नेटवर्क पर प्रसारित कएल जाएत। एकर अलावे **मन की बात** कऽ प्रसारण आकाशवाणी वेबसाइट एवं न्यूज ऑन एआईआर मोबाईल एप्लिकेशन पर सेहो उपलब्ध होयत। **मन की बात** कार्यक्रम कऽ आकाशवाणी, दूरदर्शन समाचार, प्रधानमंत्री कार्यालय आ सूचना एवं प्रसारण मंत्रालयक यू–ट्यूब चैनल पर सेहो सीधा प्रसारण होयत। एकर तुरंत बाद मैथिली भाषा मे एकर प्रसारण आकाशवाणीक दरभंगा केन्द्र सँ कयल जएत। एहि प्रसारण कें दोबारा रात्रि आठ बजे सेहो सुनल जा सकैत अछि।

---

प्रयागराजक महाकुंभ नगर मे श्रद्धालु आ तिर्थयात्री आब आकाशवाणिक कुंभवाणी सामचार बुलेटिन कऽ सार्वाजनिक संबोधन प्रणाली सँ लाईव सुनि सकैत छथि। आइ भोर साढ़े आठ बजे कुंभवाणी सामाचार बुलेटिन महाकुंभ नगर मे सार्वाजनिक संबोधन प्रणालीक माध्यमे प्रसारित कएल गेल। एहि पहल सँ श्रद्धालु सभ आ तिर्थयात्री सभ कें मेला सँ संबंधित

विभिन्न गतिविधीक जानकारी भेटत। दस–दस मिनटक कुंभवाणी समाचार बंलेटिन भोर साढ़े आठ बजे, दूपहर अढ़ाई बजे आ सांझक साढ़े आठ बजे प्रसारित कएल जा रहल अछि।

———————————————————

राजदक राष्ट्रीय कार्यकारणीक बैसार आइ पटना मे आयोजित कयल गेल। लालू प्रसादक अध्यक्षता मे आयोजित बैसार मे दलक सांगठनिक चुनाव, आगामी बिहार विधानसभा चुनाव आ इंडि गठबंधनक विभिन्न दल सभक संग संयोजनक मुद्दा सँ संबंधित प्रस्ताव पारित कएल गेल। पार्टीक राष्ट्रीय प्रवक्ता आ राज्यसभा सांसद मनोज झा कहलनि जे कार्यकारणी बैसार मे कतेको अहम निर्णय लेल गेल अछि।

कार्यकारणीक बैसार मे वरिष्ठ नेता आ पूर्व मुख्यमंत्री राबड़ी देवी, तेजस्वी प्रसाद यादव, तेजप्रताप यादव, अदुल बारी सिद्दिकी  समेत पार्टीक कतेको वरिष्ठ नेता लोकनि मौजूद छलाह। हालांकि पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष जगदानंद सिंह बैसार मे शामिल नहि भेलाह।

———————————————————

लोकसभा मे नेता प्रतिपक्ष राहुल गांधी, आइ पटनाक बापू सभागार मे संविधान सुरक्षा सम्मेलन कें संबोधित कयलनि। श्री गांधी कहलनि जे संवैधानिक प्रावधान सभक लाभ समाजक अंतिम व्यक्ति तक पहुँचबाक चाही। ओ कहलनि जे ई लक्ष्य राष्ट्रीय स्तर पर जातिय जनगणना सँ संभव भऽ सकत। एहि दौरान ओ बिहार मे कराएल गेल जातिय सर्वेक्षण पर सेहो सवाल उठौलनि।

———————————————————

राजधानी पटना सहित प्रदेशक अधिकांश भाग सभ मे ठंढ़ा मे बढोतरी सँ जन–जीवन प्रभावित भऽ गेल अछि। पछिला चौबीस घंटाक दौरान रोहतासक डेहरी प्रदेशक सभ सँ ठंढ़ा स्थान रहल। एहि ठामक न्यूनतम तापमान सात डिग्री सेल्सियस रेकॉर्ड कएल गेल। एम्हर राज्यक उत्तर–पश्चिम, उत्तर–मध्य भाग सभ मे घनगर कुहेसक स्थिति बनल अछि। हालांकि भोरे सँ पटना आओर आस–पासक ईलाका सभ मे रौद निकलल हेबाक कारणे दिनक तापमान मे बढ़ोतरी दर्ज कयल गेल अछि। जाहि सँ लोक कें ठंढ़ा सँ कनिक राहत भेटल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे आइ सँ एक पश्चिमी विक्षोभक सक्रिय हेबाक कारणे सर्द पछवा हवाक प्रवाह बढ़त, जाहि सँ अगिला दू दिनक दौरान न्यूनतम तापमान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियसक गिरावट भऽ सकैत अछि।

———————————————————————

विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव आइ विधानसभाक पत्रिका **विधान प्रबोधनी** कऽ विमोचन कयलनि। विधानसभा अध्यक्षक कक्ष मे आयोजित अनावरण समारोह मे कतेको गणमान्य व्यक्ति उपस्थित छलाह।

गोपालगंज मे राष्ट्रीय सड़क सुरक्षा माहक तहत एडीम आशीष सिन्हा जागरूकता रथ के रवाना कयलनि। एकर माध्यम सँ जिलाक विभिन्न प्रखंड सभ मे नाटक आओर अन्य सांस्कृतिक कार्यक्रमक तहत सड़क सुरक्षाक लेल जागरूक कएल गेल।

———————————————————————

समाप्त